ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№111 (23.769) ● 2018 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 11, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр егъэджэныгъэмкІэ ІэнатІэм и ветеран Къаншыкъуей Риммэ илъэс 80 зэрырикъуамкІэ ехъуэхъуащ

Нобэ илъэс 80 щрикъу юбилей махуэр егъэлъапІэ егъэджэныгъэмкІэ ІэнатІэм и ветеран, СССР-м и цІыхубэ егъэджакІуэ Къаншыкъуей Риммэ.

РИММЭ Хьэмид и пхъум илъэс 50 лэжьыгъэ гъэсэгъэн кърихьэкІащ, абы щыщу илъэс 33-кІэ Аруан районым хыхьэ Нарткъалэ дэт курыт еджапІэ №1-м щылэжьащ, нэгъэсщІ къэралыбзэ егъэджыныжьмкІэ абы зэхилъхьа методикэр къэрал псом къыщалъытащ. Къаншыкъуей Риммэ ди республикэм и цІыхухэм ящыщу игъэсар щІэбгъэ зыбжанэ мэхъу, абы иджырей егъэджакІуэхэр доплъей.

«Илъэс куэдкІэ хьэлэлу зэрылэжьам папщІэ Гуащ1эдэкІ Бэракъ Плъыжь орденыр къратащ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ. 1986 гъэм ар иратащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Гуащ1эдэкІ щІыхь» республикэ щІыхь пхъэбгъум. Узынщагъэ быдэ, ефІэкІуэныгъэ, гукъыдэж уиІэну, насыпифІэу илъэс куэдкІэ упсэуну си гуапэу сынохъуэхъу!», - къыщыгъэлъэгуащ щыналъэм и унафэщІым и узхъуэ тхыгъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указымкіэ Къаншыкъуей Риммэ Хьэмид и пхъум иратащ республикэм и наградэ нэхъыщхьэр - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр Къаншыкъуей Р. Хь. етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къытщ1эхъуэ щІэблэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр **Къаншыкъуей Риммэ Хьэмид и пхъум** етын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм фокІадэм и 10-м
№133-УГ

Къаншыкъуей Риммэ Хьэмид и пхъур КъБАССР-м щыщ Старэ Урыхъ къуажэм (иджыпстУ Хьэтуейщ) 1938 гъэм къыщалъхуащ.

КъБКъУ-м щыщІэса лъэхъэнэм студент отрядым хэту тІэунейрэ щыщІэхэм щылаІ. 1961 гъэм Нарткъалэ дэт курыт еджапІэ №3-м инджылызыбзэмкІэ егъэджакІуэу лэжьэн щыщІидзащ. 1978 гъэм щегъэжьауэ 2001 гъэм пенсэм кІуэху Нарткъалэ дэт лицей №1-м инджылызыбзэмкІэ и егъэджакІуэу щытащ. Абы зэхилъхьащ хамэ къэралыбзэ егъэджныжьмкІэ къэрал псом щызэпхащ1ыса методикэр.

«СССР-м и цІыхубэ егъэджакІуэ», «РСФСР-м цІыхубэм щІэныгъэ егъэгъэтыныжьмкІэ и отличник» цІэхэр къыфІащащ. Гуащ1эдэкІ Бэракъ Плъыжь орденыр, КъБР-м и ЩІыхь тхылъыр, «ЩІыщІэхэмрэ ябгынэжа щІыхэмрэ къэзыІэтыжахэм зэращ1ыщ папщІэ», «Гуащ1эдэкІ щІыхь», «Псэемыблэж лэжьыгъэм папщІэ», «В.И. Лениныр къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ» медалхэр, «СССР-м егъэджэныгъэмкІэ и отличник» бгъэхэу дамыгъэр къратащ.

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органэм я депутату щытащ. Къаншыкъуей Р. Хь. и цІэр иратхащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Гуащ1эдэкІ щІыхь» республикэ щІыхь пхъэбгъум.

● Май щІыналъэ

Губгъуэ жыхапхъэр мэятэ

Май къалэм щыпсэухэм иджы хуэдэу губгъуэ жыхапхъэр (амброзиер) бгъэуауэ ящІэжыркъым.

АХЭР хуиту кьыщокІ къулыкъущІапІэхэм, школхэм, сабий садхэм я Іэгъуэблагъэхэм. Къат куэду зэтет унэхэм щыпсэуэхэмрэ, уней лъапсэ зиІэхэмрэ мыбзэлэрыгъуэу ар паупщІ, арщхьакІэ зэман кІэщІым кьриубыдэу мэбгъуэжк. ПсэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм зэщыжаІэмкІэ, губгъуэ жыхапхъэм къэгъэгъэн зэрыщІидзэрэ (щыщхьэуІуи и 15 - 20-хэм) хэнейрэ ягъэхъэбзащ1ы цІыху кІуапІэу щытащІыпхэр, иджыри фокІадэм и 20 хьэру а лэжьыгъэр ирагъэкІуэкІынущ. Ауэ мыхэр уэрам пхыдзажэм зэрыпэмысынур ябыщІыркъым: губгъуэ жыхапхъэу кьалэ кІуэцІым къыщыкІыр къэгъэгъэным нэмысу яхуигъэкъабзэкІакъым, абы елэжьыну цІыхур зэрахуримыкъум къыхэкІыу. А къэкІыгъэр зэгуауэхэм къахуэнэжьи зыщи, шыІэныгъэшхуэ яхэлъу пэплъэн хуейуэ аращ гъэгъар щІыпІыльэныкьмэ - абы махуи 10 хуэдиз иІэжщ. Къьащтэмэ, мы къэкІыгъэр, щІэныгъэлІэхэм ягъэщІагъуэу, Іуащхьэмахуэ лъапэ нэгъуэщ1ы къыщыкІыу хуежьащ икІи ар зэлъытауэ щытынкІэ хъунур дунейм игъуэт щІыуэпс зэхъуэкІыныгъэхэрщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэр» адыгэ унагъуэ псоми илъын хуэдэу

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

ФокІадэм и 1-м щІидзауэ КъБР-м Пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм иregъэкІуэкІ 2019 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм къыдфІэрыхьну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдзэным теухуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдэлъхубзэкІэ къыщыдэкІыр. ДыхэзыригъэмкІи, ар яІэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэмэ.

Гъэщ1эгъуэн куэд къивгъуэтэнущ ди газетым и къыдэкІыгъуэхэм - политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, гъуэзджэ, спорт хъыбарыщІэхэр, ди тхыдэм, ди хабзэ-бзыпхъэхэм ятеуухуа тхыгъэхэр, нэгъуэщІ куэди.

Газетым Іэ щытевдзэ хъунущ КъБР-м и пощт Іуэхущ1апІэхэм.

«Адыгэ псалъэм» и Іэ тедзапщІэр илъэс ныкъуэм сом 612-рэ кІэпІейкІэ 78-рэ хъууэ аращ.

Ди индексыр 51531

КІуэкІуэ Юрий Собянин Сергей ехъуэхъуащ Москва и Іэтащхьэм и хэхыныгъэм зэрыщытекІуамкІэ

«ПщІэ зыхуэсщІ Сергей Семён и къуэ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентымрэ Правительствэмрэ я щІэкІэ, си щхьэ-кІэ сэ къызбгъэзэдэкІыу си гуапэу сынохъуэхъу хэхыныгъэм ущытекІуэу Москва и Іэтащхьэу аргуэру узэрыхахыжамкІэ.

Хэхакіуэхэр узэрителъхьэр и щыхьэтщ Москва щыпсэуэхэм я гъащІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ ебгъэкІуэкІ лэжьыгъэр нэрылъагъуу къызэрыдалыгъым.

Уэ уи унафэм щІэту Москва дуней псом щыІэ къалащхьэ нэхъ дахэхэм икІи иджырейхэм ящыщ хъуащ. Лэжьыгъэшхуэ йокІуэкІ ар зэІуэпэщ щІыным, и тхыдэ теплъэр хъумэным, транспортымкІэ инфраструктурэм зегъэузжьыным, инвестицэ, социальнэ проект инхэр гъэзэщІэным хуэгъэзауэ.

Мамырыгъэ, насып, ефІэкІуэныгъэ уиІэну, зыхуэбгъэувыжа къалэнхэр нэсу бгъэзэщІэну си гуапэщ!», - къыщыгъэлъэгуащ хъуэхъу тхыгъэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КІуэкІуэ Ю. А. хэтащ Дагъыстэн Республикэм и Іэтащхьэр и къулыкъум зэрыпэрыувэм теухуа дауэдапщэм

Мэхьэчкъалэ щекІуэкІащ Дагъыстэн Республикэм и Іэтащхьэр и къулыкъум зэрыпэрыувэм теухуа зэхыхьэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

ДАГЪЫСТЭН Республикэм и Цыхубэ Зэхуэсым и унафэкІэ щыналъэм и Іэтащхьэу ягъэуващ Васильев Владимир.

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ Васильев В. А. нэгъабэ и жэпуэгъуэ мазэм Дагъыстэным и Іэтащхьэм и къулыкъур пІалъэкІэ игъэзэщІэну ягъэуваУэ щытащ. Нэхъ апэкІэ ар УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутату (2003 - 2017 гъэхэм) щытащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КІуэкІуэ Юрий хэтащ икІи къыщыпсэлъащ Ингуш Республикэм и Іэтащхьэр и къулыкъум зэрыпэрыувэм теухуа зэхыхьэм

ФокІадэм и 9-м Магас къалэм щекІуэкІащ Ингуш Республикэм и Іэтащхьэр и къулыкъум зэрыпэрыувэм теухуа зэхыхьэ. КІуэкІуэ Юрий щыналъэм и унафэщІ Евкуров Юнус-Бек къыхуащІа дзыхьым папщІэ ехъуэхъуащ икІи жэуапныныгъэшхуэ зыпылъ а Іэнатіэр тэмэму ирихьэкІыну зэрригуапэр жиІащ.

«ИНГУШЫМ и цІыхубэр къэкІуэнум тегушхуауэ хуоІкІуэ. Апхуэдэ фІэщхьэныгъэм и лъабжьащ фи щІыналъэм щыпсэухэм я егупъныгъэмрэ ерыщагъэмрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ингушымрэ я зэхущытыкІэхэр зэныбжьэгъуГъэмрэ зэгъунэгъуфІу щытынымрэ я щапхъэу къокІуэкІ. Щэч кІыетехьэркъым апхуэдэ зэныбжьэгъуГъэр нэхъ быдэ хъуурэ зэрекІуэкІынум», - къыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Юрий.

КІуэкІуэ Юрий Евкуров Юнус-Бек Ингушым и фІыгъуэм илъэс куэдкІэ тэмэму телъжьэну, ди къуэш республикэм и цІыхухэм мамырыгъэ, насып, ефІэкІуэныгъэ яІэну ехъуэхъуащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Артюхов Дмитрий ехъуэхъуащ Ямало-Ненецкэ автономнэ округым и губернаторым и къулыкъум зэрыпэрыувамкІэ

«ПщІэ зыхуэсщІ Дмитрий Андрей и къуэ! Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я щІэкІэ, си щхьэкІэ сэ къызбгъэзэдэкІэну си гуапэу сынохъуэхъу Ямало-Ненецкэ автономнэ округым и губернаторым и къулыкъум зэрыпэрыувамкІэ.

ХЭХЫНЫГЪЭМ кърикІуахэм къаГъэлъэгъуащ Урысейм и Президент Путин Владимир 2018 гъэм и накъыгъэ мазэм Уэ губернаторым и къалэнхэр пІалъэкІэ бгъэзэщІэну узэригъэувар щыналъэм щыпсэуэхэм зэрыдалыгъэр.

ЕхъулІэныгъэ, ефІэкІуэныгъэ уиІэну, Ямало-Ненецкэ автономнэ округым, ди къэрал иным исхэм я фІыгъуэр гъэбэгъуэным хуэгъэзза уи мурадхэр кьохъулІэну си гуапэщ», - итщ хъуэхъу тхыгъэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● КъБР-м и Парламентым

Къэрал дэІэпыкъуныгъэр зэрыщытам хуэдэу къэнэн папщІэ

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм и секретарь, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ Афэщ1агъуэ Михаил жиІащ фракцэм хэтхэм къаІэзыгурыІуэр пенсэм щысхэм гулъытэу хуащІымрэ зэрадэІэпыкъумрэ егъэфІэкІуэн зэрыхуейр.

- УФ-м и Президент Путин Владимир 2018 гъэм шыщхьэуІуи и 29-м цІыхухэм Зэрызахуигъэзам къыщыгтеувыІащ къэралым и пенсэ ухуэкІэр нэхъ тынш зыщІыну зэхъуэкІныныгъэ зыбжанэм. Абы хэм ящыщ зыр льготэхэр зэратым теухуащ, - жиІащ Афэщ1агъуэм. - Къэралым и Унафэщ1ым къыхилъхьащ пенсэр зэрагъэув хабзэм халъхьэ зэхъуэкІныныгъэхэр и кІэм нэсу зэтеувэху, 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 31 пщІондэ тещ1ыхьауэ лажьэ федеральнэ льготэхэр зэрыуб3ыхуам хуэдэу къаГъэнэжыну. Абы щыгъэм льготэхэр пенсэм кІуа и ужькІэ мыхъуу, илъэс бжьыгъэ хэхам щынэсым ягъэувыну хуитщ. НэгъуэщІу жьпІэмэ, льготэ яІэну хуитщ цІыхубзхэр илъэс 55-рэ ирикъуа нэужь, цІыхухъуэр - илъэс 60. Абы къикІращи, абыхэм я унэм, фэтэрым, жыг хадэм щхьэщатыкІ налогыр пенсэм мыкІуэ щыкІэ ятынукъым. Мыпхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм арэзы техъуащ Урысей Федерацэм и щ1ынальэхэм я унафэщІхэри «Урысей зэкъуэт» партым и ЛІыкІуэхэри. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий мы Іуэхум теухуауэ жиІащ «ди лъэныкъуэкІи псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм, унэхэр зэрызэрагъэпэщыжым щІат уасэм, хущхъуэ хэщ1эхуным трагъэкІуадэм, нэгъуэщІхэми епхауэ яІэ льготэхэр зэрыщ1атым хуэдэу зэрызэрынэнур».

«Зи ныбжь нэсахэм (илъэс 60 хъуа цІыхухъуэхэмрэ илъэс 55-рэ ирикъуа цІыхубзхэмрэ) республикэ унафэкІэ щыІэ хэуГъэкІуатэхэр яхуэГъэувыным теухуауэ» Афэщ1агъуэ Михаил къэпсэлъа нэужь, «Урысей зэкъуэт» партым и депутатхэр зэгурыуащ КъБР-м и Парламентым къыщыхалъхьану «Пенсэ ныбжьым нэмысахэм къэрал дэІэпыкъуныгъэу ягъэтынум теухуауэ» КъБР-м и Хабзэм и проектыр.

ЗэІущІэм и кІэухым КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ жиІащ: «Нобэ ди къалэн нэхъыщхьэр пенсэ ныбжьым нэблэгъахэм защ1эдгъэкъуэнырщ. Абы кьыхэкІыу тфІэкъаблащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыху щхьэхуэхэм къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хабзэмкіэ щыхухэм ІэнатІэр пенсэ ныбжьым нэса иужькІэ мыхъуу, илъэс бжьыгъэхэм тещІыхьауэ къагъэсэбэпыфу тщІыну, ахэр зыхуэдэнур дгъэбелджылыну».

Зи гугъу ящІа Хабзэм и проектым хэпльэнущ фокІадэм и 27-м, КъБР-м и Парламентым и бжьыхьэ лэжьэгъуэм и апэ зэІущІэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Мыдрей

Мы махуэхэм

ФокІадэм и 11, *гъубж*

♦Фадэ емыфэным и Урысейпсо махуэщ

♦Урысей Федерацэм Іэщэкіэ Зэщ1эуэзда и Къарухэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ я Іэщ1агъэлІэхэм я махуэщ

♦Хьиджрэмкіэ илъэсыщІэр къыщихьэ махуэщ

♦Аргентинэм щагъэлъапІэ егъэджакІуэм и махуэр

♦1812 гъэм Аласкэм ипэу итІысхьащ урыс лъэпкъым щыщ гупхэр - Форт Росс зыфІаща щыналъэр къуэнэхущ.

♦1943 гъэм Къуэныкъуей Назир боевой кьалэн иІэу ипэ дыдэу уэгум ихьащ икІи ипэ нэмыщІэ кхъухьлъатэр кьриудыхащ, абы папщІи генерал Савицкэм ипэ орденыр къритащ.

♦1961 гъэм къызэрагъэпэщащ Дыкъэзыухъуреихь щІыуэпсыр хъумэным и Дунейпсо фондыр.

♦1973 гъэм Чилим Іэщэ къагъэсэбэпу щрагъэкІуэкІа зэхъуэкІныныгъэхэм яужькІэ властыр Іэщ1ыхьащ дзэ хунтэм, генерал Пиночет Аугустэ зи пашэм.

♦2000 гъэм Кавказым и къуршхэм ящыщ щым «Курск» фІащащ, Баренцевэ тенджызым 2000 гъэм щыщхьэуІуи и 12-м щыщІилъэфа псыщІагъэныгъкІуэ кхъухьым исахэм я фэеплъу.

♦2001 гъэм дунейм щынэхъ ин дыдэ теракт щалэжьащ США-м и Нью-Йорк къалэм. Дэтхэнэри кьатэ 110-рэ хъууэ зэбгъуныту абы дэт унэшхуитІым, дунейпсо сату центрым игъэлажьэм, щІэпхъаджащІэхэм зэрагъакІуэ кхъухьлъатитІ еуащ. А гузэвэгъуэм цІыху миницым щІигъу зэкІуэдат.

♦Америкэм щыщ тхакІуэ цІэрыІуэ, дунейпсо литературэм и классик **О' Генри** къызэралъхурэ илъэси 156-рэ ирокъу.

♦Совет къэрал лэжьакІуэ, ВЧК-м и къызэгъэпэщакІуэ **Дзержинский Феликс** къызэралъхурэ илъэси 141-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, тхакІуэ, драматург, УФ-м и цІыхубэ артист **Довженкэ Александр** къызэралъхурэ илъэси 124-рэ ирокъу.

♦Балетмейстер, КъБР-м и цІыхубэ артист, УФ-м щыІэ зиІэ и артист **Дашу Хьэшыр** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦ Кхъухьлъатэзэхуэ-космонавт, авиацэм и генерал-полковник, Совет Союзым и Лъыхъужь **Титов Герман** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦СССР-ми КъБР-ми я цІыхубэ артист **Кобзон Иосиф** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦КъБКъУ-м и ректор, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик **Альтуд Юрий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Сирием щыщ къэрал къулыкъущІэ, 2000 гъэ лъандэрэ абы и президент **Хафез ал-Асад Башар** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

♦Генерал-майор, Кавказ Иш1ухьэрэ федеральнэ округым и Следственнэ комитетым и лэжьакІуэ **Хьэжмусэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэзыр къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

ФокІадэм и 12, *бэрэжьей*

♦Ящэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэм зыщІэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ

♦1492 гъэм Колумб Христофор Америкэр зэрыщыІэр къихутащ.

♦1698 гъэм Урысей пащтыхыныгъэм Таганрог къалэм и лъабжьэр щагъэтІылъащ.

♦1934 гъэм Латвием, Литвам, Эстониеми политикэ зэгурыІуэныгъэ зэзэрагъэпэщащ. Женевэ Іэ зыщ1ытрадза а зэгурыІуэныгъэр тхыдэм хыхьащ Балтикэм и Антантэ щІэр иІэу.

♦1953 гъэм Хрущёв Никитэ КПСС-м и ЦК-м и ящэ секретару хахащ.

♦1953 гъэм Кеннеди Джонрэ Бувье Жаклин Лирэ я нэчыхьэр ятхащ.

♦1954 гъэм Краснодон щагъэуващ нэмыщІ фашистхэм я бийуэ я къалэм Хэку зауэшхуэм и къэхъэнэм къыщызэрагъэпэща «ЩІэблэщІэ гвардие» зэгухьэныгъэм хэтахэм.

♦1959 гъэм «Восток-Л» совет ракетэр ящэу Мазэм лъэтащ икІи СССР-м и ныпымрэ гербымрэ ихьащ.

♦Франджы физик, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфаща **Жолио-Кюри Ирен** къызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и цІыхубэ тхакІуэ **Брат Хьэбас** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актрисэ, режиссёр, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Доронинэ Татьянэ** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Дирижёр, скрипкэм Іэзэ дыдэу зэреуэмкІэ дуней псом щІэрыІуэ щыхъуа, СССР-м и цІыхубэ артист **Спиваков Владимир** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Совет фигуристкэ, щэнейрэ Олимп чемпионкэ хъуа, дунейм пщІэнейрэ пащэныгъэр щызыІыбыда, УФ-м и Къэрал Думэм и 5 - 6-нэ зэхуэсыгъэхэм я депутату щыта **Роднина Иринэ** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Совет артист **Шэджыхьэщ1э Аслъэнбий** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, УФ-м и ХэхакІуэ комиссэ нэхъыщхьэм и унафэщІ **Памфиловэ Эллэ** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 16 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Псы иту псы пхуэлІэркъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж социально-экономикэ зыужьыныгъэм и лъэныкъуэкІэ зыхуэплъэ мурадхэр къаз эрехъулІэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ кІэлъыплъыныжьмкІэ ведомствэхэм зэдайуэ щыІэ лэжьакІуэ гупхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж социально-экономикэ зыужьыныгъэм и лъэныкъуэкІэ зыхуэплъэ мурадхэр къаз эрехъулІэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ кІэлъыплъыныжьмкІэ ведомствэхэм зэдайуэ щыІэ лэжьакІуэ гупхэм къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкІа унафэ №12-РГ-мкІэ къыщтахэм, мы къыкІэлъыкІэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) «Къэралым зэман кІыхьым тещІыхьа и экономикэ политикэм теухуауэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №596-р гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым:

ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым хэгъэхъэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Асанов А. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дзэпыкъуныгъэмкІэ и министрыр

Іэхъуэбгъ Ш. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министрыр

Балъкъыз А. Хь. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуауэ)*

Къумыкъу І. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхуэр егъэджэныжьмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІэхуэхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Лисун Е. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр;

Мэкъуашэ А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергетикэмкІэ, тарифхэмрэ псэупІэ Іэнатіэм кІэлъыплъыныжьмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр;

Ахъуэхъу Т. Б. и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*»;

Бэлэтокъуэ В. Хь. и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр»;

Къуныжь В. Хь. и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ гъэзэгъэщІэныгъэмкІэ и министрыр»;

ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым къыхэгъэкІыжьын Алэкъей А. М., Бещтокъуэ Ж. Хь., Кіэрэф М. А., Тюбеев А. И. сымэ;

г) «Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я Іэнатіэм хуэгъэза къэрал политикэр пхыгъэкІыныжьмкІэ лэжьыпхъэхэм я Іэхуэкіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №599-мр гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым:

ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым хэгъэхъэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Мовсисян Г. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр (ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым я унафэщІиц)

Асанов А. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дзэпыкъуныгъэмкІэ и министрыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым я унафэщІым и къуэдзэщ)*

Къумыкъу І. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхуэр егъэджэныжьмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхуэхэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Шынтіыкъу И. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхуэр егъэджэныжьмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхуэхэмкіэ и министрым и къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым я секретарщ)*;

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦІыхуэр егъэджэныжьмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхуэхэмкіэ и министрым и деж щыІэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэр *(эзгурыІуауэ)*»;

ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым къыхэгъэкІыжьын Алэкъей А. М., Бещтокъуэ Ж. Хь., Геккиев З. С. сымэ;

д) «Урысей Федерацэм и цІыхуэр тыншыпІэ псори зиІэ псэупІэ езэгъыбарбгъкІэ къызэгъэпэщынымрэ псэупІэ-коммунальнэ Іэхуэхьабзэхэм я фІагъыр къэІэтыныжьмкІэ лэжьыпхъэхэм я Іэхуэкіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №600-р гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым:

ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым хэгъэхъэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Лисун Е. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр;

Мэкъуашэ А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергетикэмкІэ, тарифхэмрэ псэупІэ Іэнатіэм кІэлъыплъыныжьмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр;

Бэлэтокъуэ В. Хь. и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым я унафэщІиц)*»;

Асанов А. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дзэпыкъуныгъэмкІэ и министрыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым я унафэщІиц)*»;

Къумыкъу І. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхуэр егъэджэныжьмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхуэхэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Лисун Е. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Мэкъуашэ А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергетикэмкІэ, тарифхэмрэ псэупІэ Іэнатіэм кІэлъыплъыныжьмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр;

Ахъуэхъу Т. Б. и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*»;

Бэлэтокъуэ В. Хь. и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и псэупІэ-коммунальнэ департаментым и унафэщІыр»;

Къуныжь В. Хь. и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ гъэзэгъэщІэныгъэмкІэ и министрыр»;

Мэзло Р. Б. и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ гъэзэгъэщІэныгъэмкІэ и министерствэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэр *(эзгурыІуауэ)*»;

ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым къыхэгъэкІыжьын Безниковэ И. С., Бещтокъуэ Ж. Хь. сымэ;

е) «Къэрал управленэм и Іэнатіэр егъэфІакІуэныжьмкІэ унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм я Іэхуэкіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №601-р гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым:

ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым хэгъэхъэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Асанов А. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дзэпыкъуныгъэмкІэ и министрыр

Лисун Е. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр;

Мэкъуашэ А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергетикэмкІэ, тарифхэмрэ псэупІэ Іэнатіэм кІэлъыплъыныжьмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр;

Бэлэтокъуэ В. Хь. и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и псэупІэ-коммунальнэ департаментым и унафэщІыр»;

Къуныжь В. Хь. и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ гъэзэгъэщІэныгъэмкІэ и министрыр»;

Мэзло Р. Б. и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ гъэзэгъэщІэныгъэмкІэ и министерствэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэр *(эзгурыІуауэ)*»;

Асанов А. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дзэпыкъуныгъэмкІэ и министрыр

Лисун Е. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр;

Мэкъуашэ А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергетикэмкІэ, тарифхэмрэ псэупІэ Іэнатіэм кІэлъыплъыныжьмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр;

Бэлэтокъуэ В. Хь. и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и псэупІэ-коммунальнэ департаментым и унафэщІыр»;

Къуныжь В. Хь. и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ гъэзэгъэщІэныгъэмкІэ и министрыр»;

Мэзло Р. Б. и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ гъэзэгъэщІэныгъэмкІэ и министерствэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэр *(эзгурыІуауэ)*»;

Асанов А. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дзэпыкъуныгъэмкІэ и министрыр

Лисун Е. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр;

Мэкъуашэ А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергетикэмкІэ, тарифхэмрэ псэупІэ Іэнатіэм кІэлъыплъыныжьмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр;

**Ахъуэхъу Т. Б. и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*»

АДЫГЭ лъагъуэжьхэмкIэ

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар КЪУМАХУЭ Аслъэнщ

★★★

Ди газетым зэрытетащи, шыщхьэуIум и 9-м къыщегъэжьауэ и 23-м нэсыху Кавказ Ищхьэрэм щыIащ Кърым Республикэм и кьалэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэ журналистхэм «Альманах. Образы мира. Адыгэ» хэзыгъэгъуазэ проектым телажьэ гупым хэтхэр.

Хэгъэгухэр зэпащIэ

● ЗекIуэ

ЗЕКIУЭР зэхишащ лъахэхутэ, тхыдэдж Осташкэ Андрей. Кавказым зэрыщIыIа зэманым кърифыдзэ, Кърымым щыщ журналистхэм зэщIагъэхьащ ди лъэпкъэгъуэхэр нэхъыбэу зэрыс щыIалъэхэу Адыгэ Республикэр, Къэрэшей-Шэрджэсыр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Краснодар, Ставрополь крайжэм хыхьэ къуажэхэр.

Лъахэхутэ гупым хэтхэм щыгъуазэ зыхущIащ адыгэхэм я нобэрей щыIэкIэпсэукIэр зыхуэдэм, тхыдэ жыжьэм и щIэин лъапIэу ноби зетхьэ щэнхабзэм, зэхущытыкIэ дахэм, дуней еплъыкIэ гъуэзэджэм, нэгъуэщIхэми. ХьэщIэхэр «щепсыха» жылэхэм дэс нэхъыжьыфIхэм яIущIащ, кърагъэIуэтэжа хьыбарыжьхэр ятхащ, зрихьэлIахэм теплъэгъуэхэр трахащ.

Зи гугъу тщIы проектым хэт журналистхэм къалэну зыхуагъэувыжахэр тэмэму зэфIагъэкIымкIэ щIэгъэкъуэныфI яхуэхъуащ Къабардей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, хьэрычэтыщIэ, жылагъуэ лэжьакIуэхэу Кърардэн Хьэсэн, Къущхьэ Роберт, Быф Арсен, КърардэнгъущI Заур, Егъэн Ибрахьим сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я фIыщIэр Кърымым щыщ журналистхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм лъэпощхьэпоуншэу къызэрыщащкIухьари, ягу къинэжьын хуэдэу ахэр гъэхьэщIа зэрыхъуари.

Мэздэгу щIыналъэм дызэрихьар

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къыхилъхьэри, Кърымым къикIа журналистхэмрэ дэрэ зыщщхьэуIум и 22-м, УФ-м и Къэрал ныпым и махуэр щагъэлапIэм, Осетие Ищхьэрэ - Аланием хыхьэ Мэздэгу кьалэмрэ абы километр 15-кIэ пэжыжьэу Ставрополь крайм и щIыналъэм ит Серноводск къуажэмрэ дыщыIат. Ляэу Мэздэгу дыдыхьащ. Утыку нэхъыщхьэм, Лениным и цIэр зезыхьэм, дынэсащ. Абы и кум концерт гъэлъэгъуапIэ дэгъуэр лъагэу щагъэуват.

Утыкум уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэр чэзуэрэ къихьэрт. АпщIондэхукIэ дэри, Налшык икIахэр, Мэздэгу щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр, щыIэкIэ-псэукIэр зыхуэдэр къэзыгъэлъагъуэ «лъапсэ» цIыкIухэм, музей щIыкIэу лъэныкъуэкIэ къыщрагъэувэкIахэм, дыIухьэрти, абыхэм я къызэгъэпэщакIуэхэм захуэдгъаэзрт, къагъэхъэзыра хьэпшыпхэм щыгъуазэ зытщIырт. ДызыйущIахэм яхтащ а щIыналъэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм, мэздэгу адыгэкIэ дызэджэхэм ящыщхэри.

Серноводск къуажэм докIуэ

Нэжэгужагъэ зи нэгум къищ бысымхэм, ахэр зэрыс «гъущIышхэм» яужь драгъэувэри, псори зэгъусэу кьалэм дыкъыщдашащ. Осетие Ищхьэрэм дыгъэмыхъуэ лъэныкъуэмкIэ и Гъунапкъэм адэкIэ къыIус Серноводск къуажэм сыихьэт ныкъуэ нэхъ дэмыкIыу дынэсащ. ИщхьэкIэ къызэрыхэдгъэщащи, ар Мэздэгу километр 15-кIэ пэжыжьэщ.

Гъуэгуанэм дызэришэлIа тафэрыс жылэм дэт курыт еджапIэ закъуэм дыIухьащ. Абы и бжэIупэм дэ щыщытпежьащ, хьэщIагъэ къызэрыдахьыр гукIи псэкIи зыхьыдагъащIэу, а къуажэм дэс нэхъыжьыфIхэмрэ школым и лэжьакIуэ пажэхэмрэ. Кърымым щыщ журналистхэм драгъусэу, псори дыщIыхьащ гъэсэныгъэ-еджэныгъэм хуащIа унэшхуэм.

Зэпсэлъэныгъэ щхьэпэ

ЗэIущIэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Мэздэгу Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Дербыт Валерий**. Абы хьэщIэхэр кIэщIу щыгъуазэ ищIащ зыдэт къуажэр зыхуэдэми щыпсэуэхэр сыт хуэдэ лъэпкъым къыхэкIами.

- Фэри зэрыфщIэщи, «Адыгэ хабзэ» жыхуаIэм куэд дыдэ къызэщIеубыдэ. Абы дыкъызыхуриджэ и купщIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ нэхъыжьым пщIэ хуэщIын зэрыдэ къыдгурыIуащ ди щIыналъэм и блэкIар адыгэхэм я къекIуэкIыкIам къыгъэкIыпIэ имыIэу зэрепхари, а щIыпIэм фи лъэпкъэгъуэхэр, гупышхуэ щызэрыгъэхуауэ, лъэхъэнэ кIыхькIэ зэрыщыпсэуари. А Іэхуэгъуэми, нэгъуэщIхэми нэхъ убгъуауэ щыгъуазэ захуэтщIын мурадкIэ фи дежь дыкъэкIуа пэтми, къыщытщIэ, «къыщыдулъэпхъэщхэр» апхуэдизкIэ куэд мэхъыри, псори зэуэ ди акъылым къыхэзэщIэубыдэркъым.

Псалъэ иратащ щIыпIэ администрацэм и тхьэмадэ **Бэджырей Мурат**.

- Дэ Ставрополь крайм и Курск районым хыхьэ Серноводск къуажэм дыщопсэу. Абы кьеГъэщIыIа administративнэ щIыналъэм, цIыкIу-инми, жылагъуэ 5 къызэщIеубыдэ. Езы Серноводск и закъуэ къэтщтэнщи, Іыхьитly зэхэтщ: чыристан хьэблэу Азэнейрэ мусльымэнэхэр щызэгъэуIуа Аваловэрэ, - жиIащ абы. - Къуажэм дэ щыщыгъуэ захуэтщIын мурадкIэ фи дежь дыкъэкIуа пэтми, къыщытщIэ, «къыщыдулъэпхъэщхэр» апхуэдизкIэ куэд мэхъыри, псори зэуэ ди акъылым къыхэзэщIэубыдэркъым.

Псалъэ иратащ щIыпIэ администрацэм и тхьэмадэ **Бэджырей Мурат**.

- Дэ Ставрополь крайм и Курск районым хыхьэ Серноводск къуажэм дыщопсэу. Абы кьеГъэщIыIа administративнэ щIыналъэм, цIыкIу-инми, жылагъуэ 5 къызэщIеубыдэ. Езы Серноводск и закъуэ къэтщтэнщи, Іыхьитly зэхэтщ: чыристан хьэблэу Азэнейрэ мусльымэнэхэр щызэгъэуIуа Аваловэрэ, - жиIащ абы. - Къуажэм дэ къыдгурыIуащ ди щIыналъэм и блэкIар адыгэхэм я къекIуэкIыкIам къыгъэкIыпIэ имыIэу зэрепхари, а щIыпIэм фи лъэпкъэгъуэхэр, гупышхуэ щызэрыгъэхуауэ, лъэхъэнэ кIыхькIэ зэрыщыпсэуари. А Іэхуэгъуэми, нэгъуэщIхэми нэхъ убгъуауэ щыгъуазэ захуэтщIын мурадкIэ фи дежь дыкъэкIуа пэтми, къыщытщIэ, «къыщыдулъэпхъэщхэр» апхуэдизкIэ куэд мэхъыри, псори зэуэ ди акъылым къыхэзэщIэубыдэркъым.

Псалъэ иратащ щIыпIэ администрацэм и тхьэмадэ **Бэджырей Мурат**.

- Дэ Ставрополь крайм и Курск районым хыхьэ Серноводск къуажэм дыщопсэу. Абы кьеГъэщIыIа administративнэ щIыналъэм, цIыкIу-инми, жылагъуэ 5 къызэщIеубыдэ. Езы Серноводск и закъуэ къэтщтэнщи, Іыхьитly зэхэтщ: чыристан хьэблэу Азэнейрэ мусльымэнэхэр щызэгъэуIуа Аваловэрэ, - жиIащ абы. - Къуажэм дэ щыщыгъуэ захуэтщIын мурадкIэ фи дежь дыкъэкIуа пэтми, къыщытщIэ, «къыщыдулъэпхъэщхэр» апхуэдизкIэ куэд мэхъыри, псори зэуэ ди акъылым къыхэзэщIэубыдэркъым.

Псалъэ иратащ щIыпIэ администрацэм и тхьэмадэ **Бэджырей Мурат**.

- Дэ Ставрополь крайм и Курск районым хыхьэ Серноводск къуажэм дыщопсэу. Абы кьеГъэщIыIа administративнэ щIыналъэм, цIыкIу-инми, жылагъуэ 5 къызэщIеубыдэ. Езы Серноводск и закъуэ къэтщтэнщи, Іыхьитly зэхэтщ: чыристан хьэблэу Азэнейрэ мусльымэнэхэр щызэгъэуIуа Аваловэрэ, - жиIащ абы. - Къуажэм

Адыгэ «пщыIэм» кърегъэблагъэ Кавказ Ищхьэрэм и пашэр - Матовников Александр.

Мельничук Ольгэ игъэщIагъуэу щIэупщIащ дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэ мэздэгу адыгэхэр зэкъуэзыгъэувэ къарур зыхуэдэм. Абы жуаП иритыжу къэпсэльащ Серноводск къуажэм и чыристан хьэблэм щыщ, курыт еджапIэм и унафэщIу ильэс куэдкIэ лэжьа, а школым къыщыззрагъэпэща музейр иджы зезыхьэ **Мамыкъуэ Дмитрий**.

- Къызэрыхэдгъэщащи, ди деж зэи къыщыхъуакъым дин зэхуэмыдэхэм иригъэззэкэр щызэныкъуэкъуи щызэщыхьи, - жиIащ Мамыкъуэм. - АбыкIэ щIэгъэкъуэныфIу къыдолытэ мусльымэнхэри чыристанхэри дызэзышалIэу адыгэхэм ижькIэрэ къыддекIуэкI хабзэ-бзыпхъэхэри. Мыдрейуэ, гу лъывэзгъэтэнщи, сызыщыщ хьэблэр зэрыгушхуэ члисэщIэр мусльымэн унагъуэхэм къахэкIа щIалэхэращ зыхуэар. АдэкIэ. Ди гъунэгъуэхэм я махуэшхуэхэм дэри пщIэ яхудощI, ахэр щагъэпапIэкIэ дадогуфIэ, телефонкIэ нэхъ мыхьэнэ, дохъуэху. ИтIани, а псом я щхьэжу сэри къэслъытэр лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэ, ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлъагъуэ Адыгэ Хабзэращ.

Мамыкъуэ Дмитрий и псалъэм къыпещэ Серноводск къуажэм и Іимам, ефэнды нэхъыщхьэ **Гъубжокъуэ Борис**.

- Гъунэгъуэхэр дызэщIымыхьэу, зэныбжьэгъум хуэдэу дызэдопсэу. Дэтхэнэри дыкъэзыгъэщIар зи лъабжьэ дыщIэт Тхьэ Закъуэращ, жэуап щытхъыжьынури Абы и дежщ. Сэ кьыззрысльытэмкIэ, цIыхугъэр, фIыпIагъуныгъэр Іэщ Iыб ищIу, зыхущIегъуэжьи Іэху хэти щIилэжьын щыIэкъым, дин зэрызекьэхэри абыхэм яхэту, - кьыхихигъэбелджылыкIащ Гъубжокъуэм.

Кърымым къикIа хьэщIэхэр щIэупщIащ анэдэлъхубзэр Серноводск къуажэм зэрыщрагъэдж щыкIэм. Абы и жэуапу къэпсэльащ курыт школым и унафэщI, адыгэ ззэмкIэ егъэджакIуэ **Ахъмэт Расиет**.

- ШколакIуэхэм я процент 97-р адыгащ. ЩIэсхэр зэрыхъур 170-м тIэкIу щIигъущ. Дэ дыхущIокъу анэдэлъхубзэр 2-нэ классым къыщегъэжьауэ 9-нэм нэсыху зэредгъэджыным, нэхъ зытедгъащIэри дызэрыпсалъэ мэздэгу диалектырщ. АбыкIэ тхьалъ цIыкIуэр, ди чэнджэщ яхэтлъхьэурэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ бзэ щIэныгъэлIэхэм тхуагъэхьэзыращ. Къишынэмыщ1ауэ, «Адыгэ Хабзэ» и фIэщыгъэу къетхьэжьа дерсхэми школым щIэс щIыIуэхэр къэкIуалIэ. АбыкIэ программмэр зэхэзыгъэувар Мамыкъуэ Дмитрийщ. Ар тхыдэмкIи егъэджакIуэу лэжьащ, а Іуэхум фIыуэ хозагъэ. ГъэщIэгъуэныращи, ныбжьыщIэ псоми, къызэхэкIа лъэпкъым емылъытауэ, зи гугъу тщIы дерсхэр фIыуэ ялъагъу. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, дэ диIэщ ди къафэхэм щыхуедгъаэсэ гупжьей щхьэхуэхэри. Мыдрейуэ, нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIауэ ди курыт школым щIэс еджакIуэхэри адыгэбзэмкIэ дерсхэм къокIуалIэ езыхэм я фIэфыныгъэ хэлъу. Зи гугъу сщIахэм ятеухуауэ дызыхуэныкъуэ тхылъ псомкIи Къэбэрдей-Балъкъэрым ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІэхуэхэмкIэ и министерствэм дыкъызэрегъэпэщ.

Псалъэ иратащ Кърымым щыщ журналистхэм я пашэ **Осташкэ Андрей**.

- Ди щIыналъэм щыпсэухэм фи лъэпкъыр зищIысыр нэхъ псынщIэу къедгъэцIыхун мурадкIэ, абдежым дэ щызэхэтIащ къэдублащ, хы фIыщIэ Іуфэм Іус шапсыгъэхэм зэращIым едгъэщхьу, адыгэхэм фи гуфIэгъуэ Іэнэм и зехьэкIэмрэ фхэлъ хабзэ-бзыпхъэ дахэхэмрэ зыхуэдэр къыщыдгъэлъагъуэ пшыхьхэр. Ди гуапэ зэрыхъунщи, абыхэм цIыхухэр уэру къокIуалIэ. Фи бэзэр адрейхэм зэремыщхьми дыдрихьэжащ. ЩызэхэтхIэ, нэхъри щыгъуазэ зыщцхьэгъущIкIэ, къыдгурояуэ абы и кьежьапIэр жыжьэ дыдэ зэрыщыIэр. Кърымым фи лъэужь къызэрыщивнами мыбдежьм и гугъу щащIащ. Абы ехьэлIауэ едгъэжькIэкIа къэхутэныгъэхэм я фIыгъэкIэ, тэтэр лъэпкъым къыхэкIа щIэныгъэлIхэми зэпыщIэныгъэ тхыдэм щыщ хъужьаэр «къагъэпсэужу» щIадзащ. Уеблэмэ, Республикэм и Правительствэм хэтхэри а Іэхуэм яужь ихьащ.

Мэздэгу зэгъэгум щекIуэкIа зэIущIэ гукъинэжым гуфIэгъуэ Іэни къыкIэлъыкIуащ. Ар зэхащащ икIи къызэрагъэпэщащ а щIыналъэм щыпсэу адыгэхэм я зэгухьэныгъэм и исполкомым хэт Уэркъ Мухьэмэд и унагъуэм исхэм.

Тхыгъэри сурэтхэри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейц.*

Серноводское дэт еджапIэм и бжэIупэм деж. ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ.

● Тхыдэ

Мэздэгу къалэм и къэунэхукIар

Тхыдэджхэм къахэкIынкIэ хъунущ Мэздэгу кьалэр къэунэхунымкIэ щхьэусыгъуэу увар 1759 гъэм къэхъуа Іуэхугъуэр арауэ тезыгъэчыныхьхэр.

ЗЭРЫЗЭКIЭЛЪЫКIУАМ хуэдэу къэтIуэтэжынщи, дэ жьгIIэну дызыхуейр мыращ. XVIII лIэщIыгъуэм и етIуанэ Іыхьэр екIуэкIырт. Къэбэрдей ЦIыкIу (Джылъахъстэней) щIыналъэм щыпсэу пщыхэм ящыщ зыр, Кьаншокъуэ (Кончокин) Кургъуокъуэ, Дагъыстэным и ищхьэрэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ Кизляр быдапIэм кIуэри, абы зыщриГъэзэмэхьащ («умэхьын» - крещение), чыристан диным зэрихьам щыхьэт иритехъуэу. КIэлъыкIуэ лъэбакъуэу, зи гугъу тщIы гъэм, щэкIуэгъуэм и 26-м, Кьаншокъуэм Кизляр быдапIэм и комендантым деж иIуэхуащ, езым хуэдэу чыристан диныр къэзыщтэ къэбэрдей адыгэхэмрэ осетинхэмрэ щигъэтIысын папщIэ, Мэздэгу и тIуащIэм щIы къыщыхупачыну зэрыпIаIуэм теухуа и тхылъыр пащтыхь гъащIэм деж нигъэсыну зыхуигъаззу.

АдэкIэ зэрыхъуар аращи, Урысейм хамэ къэралIуэхуэхмкIэ и коллегием къыззрыхилъхьауэ, Кьаншокъуэ Кургъуокъуэ подполковник цIэр къыфIащащ, нэгъуэщI лъэпкъхэр зытепсэукI щIыр ятехьыным хуэIэзэ къэралыр езыми православнэ диныр къззыщта адрей бгырысхэми ахъшэкIэ къадэIэпыкъуащ.

Къызыщыхъуни щыIэщ урысхэм Мэздэгу быдапIэр щIауху ар Кьаншокъуэ Кургъуокъуэ и лъэIукIэ къежьа Іуэхуу, ар мыхъуатэмэ, пащтыхь дзэпщхэм апхуэдэ лъэбакъуэ ямычынкIэ хъуну. А лъэхъэнэм екъэлIа тхыдэм мызыгъуэгукIэ кууэ зэрыхэдмыщIыкIым къыхэкIыу тлъэмыкIыу къакIуэ а гупсысэм пэувыну къытщохъу Интернетым дызыщихьэлIа мы пычыгъуэ цIыкIур.

Ар зытеухуар аращи, 1762 гъэм и жэпуэгъуэм Сенатым къыбгъэдэкIа тхыгъэ пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтIуанэм къыIэрыхьауэ щытащ. Абы къыщыгъэлъэгъуат «Къэбэрдей ЦIыкIум щыщ пщы Кьаншокъуэ Кургъуокъуэ, кьыдэIэпхъуэхэр и гъусэу, хьэблэщIэу щагъэтIысын мурадыр хуаIэу, Мэздэгу и тIуащIэм щIы кIапэ «зэрыщыхупачамрэ» а щIыпIэм кьалэ щыхуэзн зэрыхуейм рэ». АрщхьэкIэ, «быдапIэм и проектыр 1757 гъэм яГъэхьэзыракIэт».

КъыхэдгъэбелджылыкIынщи, иужьрей псалъэухамкIэ дэ къэдгъэлъэгъуэну дыхуейщ, Мэздэгу и тIуащIэм зыщагъэбыдэн гупсысэр урыс дзэпщхэм ягу къизыгъэхьар хъэбэрдеипщ Кьаншокъуэр зэрыармыращ, атIэ, езы пащтыхьым и блигущIэтхэм а щIыпIэм теухуауэ ильэситI ипэкIэ ящIа унафэу зэрыщытыр.

Арати, 1763 гъэм и бадзэуэгъуэм Мэздэгу и тIуащIэм, быдапIэ щауху ян мурадыр яIэу, къыщыхутащ урысей дзэлIрэ къэзакъыу 287-рэ, а псоми подполковник Гак Пётр я пашэу. «Кавказская война» тыIэ гъэззджэр зи Іэдакъэщ1экI Потто Василий гу зэрыльытакIэ, а Іуэхугъуэр уващ Урысейм Кавказыр къизун зэрыщIидзэ япэ лъэбакъуэу.

Мэздэгу и тIуащIэм урыс быдапIэ къызэрыщыунэхуар къэбэрдеипщхэм ягу ирихьыныр Іэмал зимыIэт. Сыту жыпIэмэ, ягупрауэ, щIэпхъуэжьну зи щхьэ кьихьэ я мэкъумэшыщIэхэмрэ унэIутхэмрэ ар зыгъэпщкIуПIэ яхуэхъурти. ЕтIуанэрауэ, зэрыщыту къатщтэмэ, а Іуэхугъуэр къыщIэкIащ езы Къэбэрдеим и пщIэр куэду езыгъэлъэхьыжь, и лъэр щIэзыгъащIэ щхьэусыгъуэшхуэу, и Іэмыщ1э ильа и щIыналъэр, къемыупщIыхьхэр и фIэфIыныгъи хэмылъу, Урысейм зэрызыIэщIилъхьам къыхэкIыу.

А псом япкъ иткIи, Къэбэрдеим и тепщэхэм лIыкIуэхэр Санкт-Петербург яутIыпщауэ щытащ, Урысей пащтыхь яхэралыгъуэжьым и Іэтащ1эхэм быдапIэр ягъэсеижну паубыдмэ, зэхащIыкIынкIэ гугъэхэу. Зэрызыхуагъэзар къыхуагъэдэхэн дэнэ хэна, абы иужькIэ урысхэр Мэздэгу щIыгум куэду къитIысхьэу хуежьащ, я нэхъыбэр ІэщэкIэ зэщIэуэзда дзэлIхэу.

Ауэрэ, 1765 гъэм ирихьэлIэу, быдапIэр къуэтIыхькIэ къаухъуреихьыжащ, щIы лъагэ зэтетхъуами топ уэздауэ 40-м щIигъу трагъэтIысхьащ.

Абы и ужькIэ къекIуэкIа псоми мызыгъуэгукIэ я гугъу дымыщIу, ищхьэкIэ зи цIэ къитIуа тхыдэтх Потто Василий а Іэхум ехьэлIауэ итхауэ щытам иджыри зэ дыкъеджжыщ: «Урысхэм къэбэрдей адыгэхэр кьахущIокIащ узытеплъэкъуэкIынкIэ Іэмал зимыIэ ныкъуэкъуэгъу лъэщхэу. Абыхэм Кавказым щIэ пщIэр ин дыдэт»

А псом къадэкIуэри, пащтыхь дзэпщхэм адыгэхэр яГъэкъуанщэрт, лIэщIыгъуэгъэ я зэхуаку дэпъа зэкъуэтыныгъэ дахэм ахэр епщыжа хуэдэу. Къэбэрдеипщхэм я жэуапыр хъэзырт: «Ди щIыгум фикI, быдапIэхэр вгъэсеижь, фи деж ныщIэнтхъуа ди пщылIхэм къевгъэгъэзэж. Фэ фощIэ дэ ди Іунэгъуэм фIыуэ дззэрыхущытыфыр». АрщхьэкIэ, дызэрыщIыгъуазэщи, абдежым щыщIэзыдза зэпэщIэувэныгъэ кIыхьым икIи хьэлъэм Къэбэрдейр фIым хуишакъым, дапхуэдиз лIыгьи бэшэчагъи а лъэхъэнэм къыщимыгъэлъэгъуами...

ХЬЭТЫКIУЭ Щауапщ1э.

Мэздэгу адыгэхэр

Мэздэгу адыгэхэр щIыналъэтIым, Осетие Ищхьэрэ - Аланиемрэ Ставрополь краймрэ, щопсэу, ику иту къатщтэмэ, я бжьгъэкIэ щызэхуэдэу. Псори зэрыхъур мини 6-м нэблагъэщ.

2018 ирагъэкIуэкIа щIэпщытыкIыныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Мэздэгу кьалэ цIыху 41728-рэ щопсэу. Ди лъэпкъэгъуэ абы дэсыр зэрыхъур 1280-м тIэкIу щIигъущ, нэгъуэщIу жьгIIэмэ, щыпсэухэм я проценти 3,3-щ.

Мы иджырей ди зекIуэм дыздэщыIа Серноводск къуажэм и гугъу тщIымэ, ар Ставрополь крайм хохьэ. Абы дэс 1500-м щIигъум я нэхъыбапIэр адыгэщ.

Тхыдэ мыжьжьым къызэрыхэщыжьмкIэ, алъандэрэ къутыр щхьэхуэу кьекIуэкIа жылагъуитIыр, Аваловэрэ Азэнейрэ, лIэщIыгъуэ блэкIам, 1959 гъэм, зэгуагъэхьэжри, къуажащIэ кьагъэунэхуащ.

Серноводск щIэр жылэ зэхьихьэжам щыкIэрыпщIар, а щIыпIэм щIы дагъэ къыщыщIашын мурадкIэ щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм кьадэкIуэу, сероводород куэду зыхэлъ щIыщIагъыпс пщтырхэр абдежьм къыщыщIэукIа иужькIэщ. Абыхэм цIыхухэм я хущхъуэгъуэ хэлъу къахутащ. ИкIи, а зэманым къыщегъэжьауэ, хуажэщIэр здис щIыгум зи узынщагъэр езыгъэфIэкIуэну хуей зыгъэпсэхуакIуэхэр уэру кьакIуэу хуежьащ. Къыхэдгъащ зэрыхъунумкIи, а Іуэхугъуэр жылэдэсэмэ илъэс куэдкIэ къахуэщхьэпащ, псынащхьэхэр яГъэкIуэдыжьи мурадыр лIыщхьэхэм ящыщ гуэрым имыгъэзэщIэну... Ауэ, ар нэгъуэщI хъыбарщи, къыдахъуIэмэ, абы иужькIэ дытепсэлъыхьынщ.

БЭРАУ Бышэ.

КЪАРЭНАШЭ Залинэ:

Нэгъуэщ1 Iэщ1агъэ си1эну си нэгу къысхущ1эгъэхьакъым

Зыпэрыт Iэнатlэм щыхэльын хуей жэуаплыныгъэр нэсу зыхэзыщIэ, дохутыр Iэщlагъэр хуэфащэ дыдэу къыхэзыха бзыльхугъэ зэкIуэжащ Бахьсэн районым сымаджщым неврологиемкIэ и къудамэм и унафэщI Къарэнашэ Залинэ. Зеикъуэ дэт курыт школ №3-р къуихри, 1995 гъэм ар щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетым. Иужьк1э и щIэныгъэм щыхигъахъуэу интернатурэр щрихьэкIащ Республикэ клиникэ сымаджщым, ординатурэр - Урысей къэрал медицинэ университетым. Лэжьэн щыщIидзащ Налшык къалэ дэт, Медицинэ чэнджэщ щрат поликлиникэм, адэкIэ Бахьсэн район сымаджэщым и неврологие къудамэм уваш, 2009 гъэ лъандэрэ а Iэнатlэм и унафэщIи.

- ДОХУТЫР сыхъуну фIэкIа нэгъэщI Iэщlагъэ гуэр си1эну зэи хьэрхуэгу къысхущIэгъэхьакъым, - жеIэ Къарэнашэм. - Ди унагъуэр медицинэм пыщlат. Си адэ щыIэхъу нэхъыжьыр хирургыгу лэжьащ, иджыпсту КъБКъУ-м зэпIэзэрыт, патологие анатомиемкIэ и кафедрэм и унафэщI. Абы къыкIэлъыкIуэр фармацевтщ, ещанэр терапевтщ. Си адэшхэм и къуэшым дохутыру дзэм къулыкъу щищlащ. СызэрыщыкIуэр дохутыр хъыбар зэхэсхыу сыкъэхъуащ. Сымаджэхэр ди унэм къакIуэурэ зрагъэIэзэрт, ахэр хъужаиз, гуфIэу фIыщIэ ящIу щыслъагъукIэ, а Iэщlагъэм хуэдэ щымыIэу къысщыхъурт. Мис апхуэдизу гъащIэм езым дохутыр Iэщlагъэм сыхуишащ.

- Медицинэм и унэтIыныгъэхэм неврологиер къызэрэщхьэхурэщ. Ар къыщIыхэпхам сыт и щхьэусыгъуэр?

- Неврологиер - ар псантхуэм и зэхэлъыкIэр зыдж, абы епха узыфэхэр къэзыхутэ медико-биологие щIэныгъэ зэмылIэужьыгуэу зэхэлъ унэтIныгъэщ. Адрейхэм къащхьэщыкIыу, неврологием узыр зыхуэдэр щыIуагъэнщIу нэхъ къыщыпхуохутэ. Щхьэ куцIым и зы Iыхьэ щыкIу къэс Iэпкъльэпкъым щыщ гуэрым епхащ, абы и лэжьакIэмкIэ «жэуап ихьу». Мис ар сфIэгъэщIэгъэн хъуати, нэхъ куууэ абы зыщщэгъэгъуэзэну сыхуейт.

- Залинэ, узиунафэщI къудамэм и лэжьыгъэр дауэ екIуэкIрэ?

- Лэжьыгъэр хъарзынэу зэтеблагъ. Жэщми махуэми мыбы щIэлъурэ зызыгъэхъужкэм ятещIыхьауэ гъуэлъыпIэу 25-рэ дИIэщ. Махуэм къакIуэурэ зэзыгъэIэзэжкэм гъуэлъыпIэ 15 яхуэхтащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщIи, сымаджэр нэхъыбэщ, абы къыхэкIыуи ди деж къакIуэ псори дгъэгъуэлъыфыну Iэмал диIэкъым. Я узыншагъэм и щытыкIэм елъытауэ, нэхъ хьэпъхэр япэ идогъащ. Абы къыхэкIыуи дыкъызыгурымыIуи щIыхуэхм къыхэкIыу къыщIэкIынщ, ауэ зи щIыхь къыздэзыхьэлIэхэм я арэзэныгъэ къызэрытхьыным зэрытхуэзэфIэкIкIэ дыхущIокъу. ХущIыхьэкIэ, IэмэпсымэкIэ зэрыхъукIэ дыкъызэгъэпэщащ. IэщlагъэлIхэр ирикъуу диIэщ. Къудамэм щIыху 22-рэ щолажьэри, дэтхэнэми и лэжьыгъэмкIэ ихь жэуаплныгъэр зыхищIу я Iэнатlэр ирахьэкI.

- Псынщ1эу зызыхъуэж зэманым унэтIныгъэ псоми зэхъуэкIыныгъэхэр хелъхьэ. Абы улъэщIыхьэн щхьэкIэ сытым дежи уи щIэныгъэм хэбгъэхъуэн хуейщ. Уэ сыт хуэдэ Iэмалхэр къэбгъэсэбгъэр?

- КъБР-м Къэрэшай-Чэркэсыр хъумэнымкIэ и министерствэми КъБКъУ-м и медицинэ факультетми щIэх-щIэхыурэ лекцIэхэр, конференцэхэр къызэрагъэпэщурэ унэтIныгъэм щIэуэ къыхьыхьэхэм дыщагъэгъуазэ. Апхуэдизу зэхьыхьэм хэтщ Урысейм и къалэшхуэхэм къыкIэ IэщlагъэлI пажхэр, абы къыхэкIыу Iэщlагъэм и пIалъэкIэ дыззхьуэжэнымкIэ ахэр Iэмал хъарзынэщ. Къищынэмыщlауэ, медицинэ журналхэм соджэ, интернетми куэд къыщыщIэщI.

- Уи лэжьыгъэм и фIымрэ и Iеймрэ зэбгъапщэмэ...

- Зы Iуэхуи упэрытыфынукъым, фIыр нэхъыбэу хьымылъагъуэмэ. Ди лэжьыгъэр къапщтэмэ, зыщ щхьэжагъуэ ищIауэ къыдэкIуэлIар, хьужаиз и нэгум гуфIэр къишу щытлъагъукIэ, сымаджэм и фIыщIэ псальэр щызэхэтхкIэ, абы къыдит гуэхъуэр къыпхуэмыIуэтэнщ. Мис апхуэдизкэм деж Iэщlагъэм Iейуэ хэльри гуГуэхьуэ пыщIари, ахэр мымащIэми, зэуэ пщотупщэж. Зы дохутыри щыIэжкIуэм и сымаджэр хъужауэ илъагъуну хуэмейуэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы и Iэзагъым и пщалъэ зэхъужауэ хуэмейуэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы и Iэзагъым и пщалъэ зэхъужауэ илъагъуну